АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

Шамил районалъул газета

# ЦОЛЪИ

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

№48 (10094)

РУЗМАН

8 декабрь 2023 сон

24 ДЖУМАДУЛЬ АВВАЛ 1445 СОН

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ | Багьа эркенаб

■ ДАНДЕЛЪИ

## ХIалтIул хIисабкьеял

**30 ноябралъ райадминистрациялда тIобитIана росабазул бегавулзабазул иргадулаб данделъи. Аслияб суалалги рехсон, данделъи рагьана ва нухда бачана районалъул бетIер МухIамад ХIасановас.**

контрактияб хъулухъалъул суалал рорхана данделъиялда. Районалъул бетIерасул заместителасул ишал тIуралев вугев МухIамаднаби



ХIажиевасдасан мухIканаб баян щвана гьеб суалалъул. ТIадежубай гьабуна ва данделъаразул суалазе жавабал кьуна рагъулаб комиссариаталъул хIалтIухъан ГI.ГIабдухаликъовас.

Гьединго рорхана налогал ракIариялъул, лъагIалил болжалалда районалъе биччан букIараб гIарац хIалтIизабиялъул ва цогидал суалал.

Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна районалъул прокурор И.ИсмагIиловас, полициялъул нухмалъулев М.МухIамадовас, Шамил ва ЛъаратIа районазул рагъулаб комиссариаталъул вакилас, районалъул херазул Советалъул председателас, росабазул бегавулзабаз ва цоцо идарабазул нухмалъулез.

Данделъиялда хIалтIул хIисабкьеял гьаруна экономикаялъул отделалъул, военкоматалъул, финотделалъул хIалтIухъабаз ва централияб библиотекаялъул нухмалъиялъ.

ТIоцебесеб суаллъун букIана къанунazда рекъон хIалтIи гьабуларел предпринимателазда гьоркьоб межведомственнияб комиссиялъ гьабулеб хIалтIул. Гьелда сверухъ гьабулеб бугеб хIалтIул баян кьуна экономикияб отделалъул махщелчи М.ГIашикъиловас.

2023 соналъул хаслихълъиялъул призывалъул ва

**ПатIимат ЖАМАЛУДИНОВА**

*ВатIаналъул бахIарзазул къоялде*




■ НИЛЪЕР БАХIАРЗАЛ

### КъахIиса ГьитIихIмадибир Жамалудинов

Украиналда унеб бугеб СВОялда тIоцебесеб къоялдаса нахъе гIахьаллъи гьабулев вугев КъахIиса ГьитIихIмадибир Жамалудиновасе къадруялда тIадаб борч тIубаялъухъ иргадулаб рагъулаб шапакъат щун буго. ГьитIихIмадибирие кьун буго Суворовасул цIаралда медаль.



Цебеккунго Донбасс эркен гьабиялъулъ гIахьаллъарав ГьитIихIмадибирил хIакъалъулъ ва гьесие щвараб Жуковасул цIаралда медалалъул баян кьун букIана нижеца.

27 сон барав Жамалудинов ГьитIихIмадибир ГIабдусаламович ккола КъахIиб росулъа. ЦIалана ХIебда гьоркьохъеб школалда. Хадувккун цIалана ДГУялъул «физкультура ва спорт» факультеталда. ГьитIихIмадибир ккола дзюдоялъул ва самбоялъул спорталъул мастерасул кандидатлъун ва чанцIулго СКФОялъул ва Дагъистаналъул чемпионлъун.




Къадруялда хъулухъ тIубалел ругел гIолилал эбел-инсуе гурелги, тIолго районцоязе чIухIилъун руго.

**Нижер мухбир**

■ ОБЪЯВЛЕНИЕ РАЙСОБРАНИЯ

**РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН**
**СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ «ШАМИЛЬСКИЙ РАЙОН»**

**Решение:**

**от 5 декабря 2023 года** **№ 25**

О созыве 18-й сессии Собрания депутатов МО «Шамильский район»

Президиум Собрания депутатов МО «Шамильский район»- решает:

1. Созвать 18-ю сессию Собрания депутатов МО «Шамильский район»- 7-го созыва 13 декабря 2023 года 10 часов с повесткой дня ;

- о районном бюджете муниципального образования «Шамильский район»

на 2024 год и плановой период 2025-2026 годов

Докладчик: Магомедов Шабан –и.о начальника ФО;

о проводимой работе по осеннему призыву граждан на срочную военную службу в 2023 году

Докладчик: Гаджиев Магомеднаби.- и.о зам. главы МО

Содоклад: Магомедов Арсен - военком;

об увековечении памяти бойца погибшего при исполнении воинского долга в ходе специальной военной операции на территории Украины.

Инф: Гаджиев М.-и.о зам главы МО;

- об утверждении списка представителей в состав Молодежного парламента при Собрании депутатов Шамильского района.

Инф: Хатиев М-расул.- главный специалист по работе с молодежью.

2. Разное.

**Председатель Собрания депутатов** **Хизроев М.**

■ ДАНДЕЛЪИ

# Имамзабигун дандчIвай



**30 ноябралъ райцентралда бугеб залалда тIобитIана районалъул бетIер МухIамад ХIасановасул росабазул имамзабигун дандчIвай.**

Данделъиялда гьединго гIахьаллъана районалъул бетIерасул заместитель Карим Будунов,районалъул имам ГIизудин ГьитIиножоев, росабазул бегавулзаби ва херазул Советалъул председателасул заместитель.

ДандчIваялда бицана росаби церетIеялъе ва гьенир яшав лъикIлъиялъе гьарулел гIахьалал хIалтIабазул ва лъималазе букIине кколеб къадаралъ рухIиябгун светскияб лъай щвеялъул суалал.

МухIамад ХIасановас бицана гьел хIалтIабазулъ росабалъ имамзабазул бугеб кIвараълъул ва гьезул жигарчилъиялъухъ баркала загьир гьабуна.

Жеги лъикIал хIасилал рихьизе мурадалда хIалтIизе ккани, районалъул нухмалъиялъулги, халкъалъулги букIине кколеб цадахъаб хIалтIулги бицана.

Районалъул бетIерасул заместитель ва гьединго лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Карим Будуновас гьадинал дандчIваязул бугеб кIвараълъул ва светскияб гуребги рухIияб лъай щвеялъулги ругел гIузраби тIагIинаризе кумекалъе жив кидаго хIадурав вукIин бицана.

ДандчIваялда росабазул имамзабаз ва бегавулзабаз хIисабалде росисе бегьулел чанго пайдаял малъа-хъваял гьаруна. Гьудуллъиялъулаб ахIвал-хIалалда тIобитIараб тадбиралда ахIана мавлид, гьаруна вагIзаби ва гIаммаб дугIа.

**ПатIимат ЖАМАЛУДИНОВА**

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# Итогалъулаб сочинение

**6-леб декабралда тIолго улкаялдаго цадахъ нилъер районалъул 11-лел классазул цIалдохъаби гIахьаллъана итогалъулаб сочинение хъваялда. Итогалъулаб сочинение хъвазе байбихьана 2013 соналдаса нахъе ва гьеб рикIкIуна ЕГЭ ва ГВЭ кьеялъе изну рагьулеб нухлъун.**

Сочинение хъвазе бихьизабун буго 3 сагIатгун 55 минут. Гьеб заманаялда жаниб хъвазе ккола 250 ялдаса дагьаб гьечIеб рагIи жаниб бугеб сочинение, лъикIаблъун бихьизабун буго 350 рагIи хъвазе. Исана итогалъулаб сочинение хъвана районалъул 11-лел классазул 98 цIалдохъанас. Сочинение хъвазе рихьизарурал темаби хурхун рукIана жакъа къоялъ кIвар бугеллъун ругел 6 батIияб рахъалда: «Инсанасул талихIалъе квалквал сунца гьабулеб?», «Нуж разиял ругищ цоцо нухалъ къисматалъе хъвараб къабул гьабизе ккеялда?», «Дунялалъул свери лъикIаб рахъалде буссинабизе бажарулел гIадамазул кинаб хасият букIунеб?» «ТIабигIатгун гара-чIвариялъ хисулищ инсанасул рукIа-рахъин?», «Литература ва кино: кьецищ цадахъ хIалтIийищ?, «М.Ю. Лермонтовасул творчествоялдаса».

Сочинение хъваялъул мурад буго школлъималазул басмаялъул тIахьал цIалиялде гьира базаби, гьезул гIакълияб даража борхизаби. Сочинение хъваялъ борцуна цIалдохъабазул хIакъикъияб лъаялъул гъварилъи, гIурус мацIалъул грамматика, жидерго пикраби загьир гьариялъул махщел.

Сочинение байбихьана бихьизабураб заманалда рекъон сагIат 10 тIубараб мехалъ ва тIобитIана Рособрнадзоралъул тIалабазда рекъон. Школазда халгьабурал киналго хIалтIаби ритIухъа республикаялъул ЕГЭ централде. Сочинениялъул «зачет» хIасил щвечIел цIалдохъабазе рес буго гьеб такрарго 2024 соналъул 2-леб февралалъ яги 4-абилеб маялъ кьезе.

Районалъул лъайкьеялъул отделалъул специалист МахIмуд ГIалиевасул рагIабазда рекъон, итогалъулаб сочинение тIобитIана дурусго ва щибго квалквал гьечIого.

**Д. ДАВУДОВ**




■ РОСАБАЗУЛ ГIУМРУ

# Хучаде лъим бачунеб буго

**ЩIакъ кIудияб, кIвар цIикIкIараб хIалтIи буго инеб Хучада росулъ. ГIемерисел мугIрул росабалъго гIадин Хучада хасало лъим цIороялъул къварилъи букIиндал, цIияб бакIалдасан, квачараб мехалъги цIороларев лъим бачине жигарчилъи гьабулеб буго росдал бегавул ХIамзат МухIамадовас.**

Гьес кьурал баяназда рекъон, 2,5 км манзилалда Паражи колодаса ва ГIанахъо кIкIалахъа лъел цIияб нух лъолеб буго. 1-1,3 м. гъварилъиялде ккезарун трубаби лъолеб хIалтIи инеб буго араб соналдаса нахъе. Чанго бакIалда кверalъги бухъизе ккани бицана ХIамзатица. солярка лъул щвана нижее гьесдаса ХIажиясулов Шамилица гьоркьоблъиги гьабун. Баркала кьечIого гIоларо трактористал МухIамадов ХирамухIамадий ва Баркалов ХIажимурадий, гьединго кумек щвана МухIамадов Ибрагьимил. Гьединго кIудияб кумек лъим бахъиялъе дирго





-300 метраялда хIалтIи гьабизе хутIун бугин тIасияб соналде,-янги бицана.- гьелда гъорлъ буго 35 метраялда техника хIалтIизе рес гьечIеб, къваридаб кIкIалахъан кверaлъ бухъизе кколеб бакI.

Цониги бегавуласулги хIакимчиясулги хIалтIи рагIалде бахъунаро жамагIаталъул рахъалдаса кумек гьечIони. Гьедин росуцоязул жигарчилъиялъул цIехейдал ХIамзат МухIамадовас бицана: «Каспий» санаториялъул генералияв директор ГIалиев ГIалица гьабуна кIудияб гIарцулаб кумек. 550 азарго гъ. бачIана ГIалиевас битIун гьеб ишалъе. ХIалтIулеб техникалъе солярка чIезабуна Камил ХIажиевас. 2 тонна гIагарлъиялъул рахъалдасаги щвана».

Араб гIасруялъул 80-лел саназ бачун букIараб лъел нух цIигьабизе байбихьилалде цIияб хIавузги бан буго, гIадамазе лъим бацIцIадаб букIунедухъ. ТIасияб соналъ лъим бачун лъугIигун росулъ жанир нухал къачIазе ва пожарниказе лъим цIезе санагIалъаби гьаризе масъалабиги руго цере лъун ХIамзатица. Росдал жамагIаталъул хIажатал тIуразе гьабулеб бугеб хIалтIи кири цIикIкIараб букIиналъ, росуцоязул кумекалдалъун мухIканго рагIалде бахъиналда хьул буго.

**П.МУХIАМАДОВА**

■ АВТОРАСУЛ БОКIОН

Давуд ДАВУДОВ

## ВатIаналъул БахIарзазул къо

ГIадат буго заман анагIан тIолабго жо басралъулеб, холеб ва кIочон толеб. Хвел гьечIел рукIуна гIадамаз нахъе тарал бахIарчилъиялъул ишал. Нилъеда гьоркьор дагьал гьечIо гьабулеб ишалъулъ ритIухъал, хIажаталъур ратулел, ВатIаналъе рухI кьезе хIадурал бахIарзал. Киданиги гьел нилъеда кIочон тезе бегьуларо, нилъ кидагосел налъулаллъун руго гьезие.

9 декабралда Россиялда, 2007 соналдаса байбихьун, кIодо гьабула ВатIаналъул БахIарзазул къо. Гьеб къоялъ цоги нухалда ракIалде щвезарула бахIарчиял ишаздалъун халкъалъул тарихалда лъалкI тарал гIадамал. Россиялда гьеб ракIалдещвеялъул къо цIи гьабун гIемер сонал инчIониги, гьелъул буго бечедаб тарих.

9 декабрь, БахIарчиясул къо кIодо гьабиялъе къучI лъурайлъун ккола императрица Екатерина II. Гьеб къоялъ 1769 соналъ тасдикъ гьабуна Россиялъул рагъулаб тIадегIанаб шапакъат Святой Георгиясул орден. Гьелъул букIана ункъго даража, бищун къиматаб тIоцебесеб. Ункъабго даражаялъе мустахIикълъана М. И. Кутузов, М. Б. Барклай-де-Толли, И. Ф. Паскевич-Эриванский ва И. И. Дибич-Забалканский.

Октябралъулаб инкъилаб бергьун хадуб СССРалда бищун тIадегIанаб даражаялъул шапакъат букIана Совет Союзалъул БахIарчиясул цIар. Бищунго гIемер гьеб цIаралъе мустахIикълъана КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIи, гьезда гьоркьоб кIудияб лъалкI тана дагъистаниязги.

Аби буго «магIарулазул бидулъ бессун буго бахIарчилъи»-ян. Гьеб нилъеда бихьула батIи-батIияб заманалда рижарал хъвадарухъабазгун шагIирзабаз нилъее тараб нахърателалдаса. Гьединаздаса ккола Тимурида данде рагъулаго Дагъистаналъул халкъазулъ бижараб «ГанчIил вас» гIадаб биценги. Гьединго умумуздаса нилъехъе щвана «ВатIаналъул тIалаб тIобитIулаго тIерхьарал цIвабзазул цIар кIоченаро», «ВатIан хириясе хвел букIунаро». «БахIарчиясул цIар цIвабзазде гIунтIулеб», «Тушманасда цебе наку чIвазегIан, жиндирго къаданиб зани чIвазе лъикIаб» абурал кицабиги.

Унго-унголъунги ВатIан бокьулез гьелъул бахIарзазул къимат гьабула миллаталъухъ, диналъухъ, жинс-рахъалъухъ балагьичIого. Рагъулъ ва захIматалъулъ гIемерал бахIарзал рахьин буго Дагъистаналъул халкъазда гьоркьоб щулияб гьудуллъи букIиналъул хIасилги. БахIарзал рукIана, руго ва жеги рукIина ВатIан цIуниялъул суалазда тIаса халкъалъул цолъи бугебгIан заманаялъ.

Рагъулаб ахIвал-хIалалъул заманаялъ щварал бахIарчилъиялъул гIаламатал ва цIарал цIакъго къиматал руго нилъее. Гьезул гIемерисел къуна ВатIаналъул бахIарзал гIумруялдаса ратIалъун хадур. Жакъа СВОялъул гIахьалчагIаз бихьизабулеб бахIарчилъиялъул ва бихьинчилъиялъул цебесеб къерда руго тIолго дагъистаниялгун цадахъ нилъер ракьцоялги. Гьел лъугьа-бахъиназул тIоцересел къояздаго нилъер росабалъе щвана чIухIиялдаго цадахъ, пашманалги харбал. ВатIаналъе гIоло рухI кьурал жакъа къоялъул бахIарзал ракIалдещвеялъе районалда гIуцIана «РакIалдещвеялъул ах». РухI-гIумру кьун ратIалъарал тIад руссинаро, амма гьезул бахIарчилъи, ВатIан бокьи, напс цIуни цIунила нилъеца даимго рекIелъ.

■ ВАТIАНАЛЪУЛ БАХIАРЗАЗУЛ КЪОЯЛДЕ




*9 декабрь-ВатIаналъул бахIарзазул къо, Россиялъул тарихалда батIи-батIияб заманалда бахIарчилъи бихьизабуразул къо кIодо гьабулаго, нижее цойги нухалъ ракIалде щвезаризе рокьун руго мисалиял районцоял -жакъасеб къоялъул нилъер бахIарзал. Цебеккун газеталда гIатIидал баянал кьун рукIаниги, гьаб номералдаги рехсезин Украиналда унеб бугеб хасаб рагъулаб операциялъул бахIарчиял гIахьалчагIазул цIарал ва кьалул майданалда накълулъарал районцоял.*

## ВатIаналъе гIумру кьурал БахIарзазул сияхI

1. НурмухIамадов МухIамад ХIажимурадович – Гьолокь росу
2. МухIамадов Шамил Исрапилович – Гьоориб росу
3. Магомаев ГIабдулхаликъ МухIамадович - Хучада росу
4. ХIажиев Мурад НурмухIамадович – Хучада росу
5. Раджабов Камал МухIамадович – ТIелекь росу
6. Расулов Шамил МухIамадрасулович – Къваниб росу
7. МахIачев МухIамад МухIамадрасулович – ХIотода росу
8. Ибрагьимов Ибрагьим МухIамадович – Гьоориб росу
9. МухIамадов МухIамад Зубаирович – Гьоркьа Бакълъухъ росу
10. МухIамадов МухIамад МухIамадрасулович – ЗанатIа росу
11. Халатов Нажибула Халатович – ТIаса Бакълъухъ росу
12. МухIамадов ШамилхIажи Лабазанович – КъахIиб росу
13. Ибрагьимов ГIали ГIумархIажиевич – Хьонохъ росу
14. КъурамухIамадов МухIамаднур МухIамадмирзаевич – ГIасаб росу
15. Бадрудинов Руслан Залимханович – ТIелекь росу
16. ВахIидов Муртазали КIванлъимухIамадович – Гьоориб росу
17. Жамалудинов Арсен ГIалиасхIабович – ТIелекь росу
18. Жамалудинов ГьитIинхIмадибир ХIасанбегович – КъахIиб росу
19. НурмухIамадов МухIамадхан Ибрагьимович – ЦIияб ГIурада
20. ХIажиев ГъазимухIамад Шамилович- Гьоориб росу
21. Малаев ГIумар Умалатович- Могьохъ росу

## БахIарчиго хъулухъ тIубаялъухъ рагъулал шапакъатал щварал къадруял районцоял

1. ГIалибегов МухIамад, Зивуриб, «За боевые заслуги» медаль
2. ГIалиев МухIамадрасул, Мусрухъ, «За боевые отличия» ва «За спасение погибавших»
3. ТIайгибов ГIабдурашид, Хучада, медаль «За отвагу»
4. ГIалиев ГIабдусалам, Мусрухъ «За проявленное мужество» ва Суворовасул медаль
5. ХIасанхIусенов МухIамад, ГIуриб, «За воинскую доблесть» 2 даражаялъул ва Суворовасул медаль
6. ГьитIинов Ильяс, Ругъелда-Хьиндахъ, орден Мужества
7. Жамалудинов ГьитIихIмадибир, КъахIиб, Жуковасул медаль, Суворовасул медаль
8. Дибиров ХIажи, Ракьуб, Амет-хан Султанил цIаралда медаль
9. ХIажиев Ибрагьим, МачIада, орден «За заслуги перед Республикой Дагестан»
10. ГьитIиномухIамадов МухIамад, Ругъелда, Жуковасул медаль
11. МухIамадшапиев ГIумарасхIаб, Бакълъухъ, медаль «За боевые отличия»
12. Матулаев МухIамад, Ругъелда, Суворовасул медаль
13. ГIалиев Муса, ХIотода, «За воинскую доблесть» 2 даражаялъул
14. МухIамадов ГIабдурахIман, Гьоориб, медаль «За мужество»
15. МухIамадов Мусалчи, ТIидиб, медаль «За отвагу»
16. ГIумаров Башир, Бакълъухъ, медаль «За проявленное мужество»
17. Ражаб ГIамиров, ТIогьохъ, медаль «За отвагу»
18. Ражабов МухIамад, ТIелекь, орден Мужества, медаль «За взятие Бахмута»
19. Рамазанов Ибрагьим, Гьоориб «За отвагу» ва «За боевые отличия» медалал
20. Расул ГIалиев, Мусрухъ, Суворовасул медаль
21. Расулов Расим, Гьоориб, медаль «За отличие в охране общественного порядка»
22. ХIадисов АбулхIасан, Ругъелда, Жуковасул медаль
23. Шамил МухIамадов, Гьоориб, Жуковасул медаль
24. Шарухан Хизроев, Гьоориб, Жуковасул медаль
25. ХIайбулаев Сулейман, Гьогъолъ, медалал «За отвагу» ва «За боевые отличия»
26. МухIамадов ХирасулмухIамад, Гьоориб, «За воинскую доблесть» 2-леб даражаялъул, «За ратную доблесть» 2-леб ва 3-леб даражаялъул, ва кIицIул «Орден мужества»
27. ГIумаров Руслан, Гьоориб, Суворовасул медаль
28. Халатов Салим, ТIаса Бакълъухъ, Жуковасул цIаралда медаль
29. Ибрагьимов Закари, Хьонохъ, медаль «За отвагу»
30. ГIалиев Сайпула, ХIотода, «За спасение погибавших» 2-леб даражаялъул ва «За воинскую доблесть» медалал.
31. ГIисаев ГIиса, КъахIиб, Суворовасул медаль
32. МухIамадсагIидов ГьитIинамухIамад, КъахIиб, Жуковасул цIаралда медаль
33. МухIамадсагIидов Расул, КъахIиб, медаль «За укрепление боевого содружества»
34. МухIамадов Юсуп, Гьолокь, Жуковасул медаль
35. ГIабдулхаликъов МухIамадгIарип, Гьолокь, Суворовасул медаль
36. Абубакаров Шамил, Гьолокь, Жуковасул медаль
37. ГIабдулгъафуров ГIабдулгъафур, Ракьуб, медалал «За отвагу» ва «За боевые отличия», Жуковасул ва Суворовасул медалал
38. МухIамадрасулов Руслан, Ракьуб, медаль «За храбрость» 2-леб даражаялъул, Амет-хан Султанил цIаралда медаль
39. Абакаров Магомедарип, ТIаса Бакълъухъ, «За воинскую доблесть» 2-леб даражаялъул, Суворовасул медаль
40. ГIашикьилов ГIусман, ТIаса Бакълъухъ, «За боевые отличия», Суворовасул медаль
41. ХIасанов ГIабдула, ТIидиб, медаль «За взятие Бахмута», «За отвагу» 1-себ ва 2-себ даражабазул медалал
42. ГIабдулбутIаев СубелтIан, ТIидиб, «За воинскую доблесть» 2-леб даражаялъул, «За отвагу» медалал
43. Рамазанов Рамазан, ГIасаб, медаль «За укрепление боевого содружества»
44. Расулов МухIамад, ХIебда, медаль «За боевые отличия», медаль «За мужество»
45. ХIасанов Идрис, Бакълъухъ, медаль «За боевые отличия» ва Жуковасул медаль
46. ГIабдулбутаев Рамазан, ГIуриб, Жуковасул медаль

СПОРТ

# Школалъул футболалъулаб лига



**Лъабабилеб декабралда Бакълъухъ гьоркьохъеб школалда тIоритIана "Школьная футбольная лига" республикаялъул къецазул муниципалиял финалиял хIаял.**

Районалда къецал тIоритIана 11 ноябралдаса 3 декабралде щвезегIан ичIго батIияб футболалъул площадкабазда. Гьенир гIахьаллъана 65 командаялъул 500ялде гIагарун 2-9 классазул цIалдохъаби. Киналго командаби рикьун рукIана 4 зонаялде. Финалиял хIаял ана хIалуцараб, бергьенлъиялде бугеб гъира-шавкъгун.

ХIаязул хIасилал хадур рехсарал ккана:

2 класс: МКОУ "Тидибская СОШ" - МКОУ "Батлухская СОШ" 0-5

3 класс: МКОУ "Голотлинская СОШ" - МКОУ "Телетлинская СОШ" 3-0

4 класс: МКОУ "Митлиурибская ООШ" - МКОУ "Голотлинская СОШ" 0-10

5 класс: МБОУ "Хебдинская СОШ" - МКОУ "Ходотинская СОШ" 1-1 (1-0 по пенальти)

6 класс: МКОУ "Голотлинская СОШ" - МКОУ "Тидибская СОШ" 1-1 (0-1 по пенальти)

7 класс: МБОУ "Хебдинская СОШ" - МКОУ "Ходотинская СОШ" 5-0

8 класс: МБОУ "Хебдинская СОШ" - МКОУ "Зиурибская ООШ" 1-1 (1-0 по пенальти)

9 класс: МКОУ "Могохская ООШ" - МКОУ "Хотодинская СОШ" 3-4



1-сел бакIал ккурал командаби гIахьаллъизе руго зоналиял къецазда. Гьарула гьезие хадусеб этапалдаги бергьенлъаби.

**Давуд ДАВУДОВ**

# Могьохъа ГIабдурахIман ГьитIинамухIамадов

**1-3 декабралъ Галич шагьаралда тIобитIараб Ушуялъул рагьараб чемпионаталда гIахьаллъана Могьохъа ГIабдурахIман ГьитIинамухIамадов.**

16-17 сон барал гIолохъанал спортсменазул саньда тайпаялда 70 кг. цIайиялда ракIчIараб бергьенлъи босана ГI. ГьитIинамухIамадовас.

ХIебда гьоркьохъеб школалда цIалулев вукIарав ГIабдурахIман, ахирисеб кIиго соналъ вуго «Пять сторон света» спортивияб школалъул цIалдохъан. Спорталъулъ гурелги цIалулъги лъикIал хIасилал руго ГIабдурахIманил.

ГIолохъанаб гIелалъулъ сахлъи цIуниялъул ва спорталдехун цIайи бачIинабиялъе мисаллъун руго гьадинал спортивиял бергьенлъаби.





Баркула ГI. ГьитIинамухIамадовасда I-себ бакI ва гьарула хадубккунисел бергьенлъабазе икъбалги, къуватги.

**ТI. МУХIАМАДОВ**

ФОМС ИНФОРМИРУЕТ

# Программа ОМС в 2023 году значительно расширена

В 2023 году в программу обязательного медицинского страхования (ОМС) были внесены изменения:

Финансовое обеспечение базовой программы ОМС по сравнению с 2022 годом выросло более чем на 11 процентов. Увеличены объемы профилактической помощи в амбулаторных условиях. Внимание уделяется объемам и финансовому обеспечению диспансеризации и диспансерного наблюдения. "Диспансеризация проводится для раннего выявления заболеваний и установления диагноза". Диспансерное наблюдение за состоянием здоровья лиц, уже страдающих хроническими заболеваниями, устанавливается для выявления и предупреждения их осложнений и обострений. Логическим его продолжением является и медицинская реабилитация, которой также с 2023 года уделяется гораздо большое внимание. Кроме того, в программе ОМС увеличены объемы медпомощи в условиях дневного стационара по профилю "онкология" и при проведении экстракорпорального оплодотворения (ЭКО). В этом году в программе ОМС расширены возможности неонатального скрининга, впервые предусмотрена реабилитация на дому, преимущественно с использованием телемедицинских технологий. Также среди новаций - возможность совместного пребывания в больнице родителей с ребенком-инвалидом независимо от его возраста". На работу страховых медицинских организаций существенно повлияли законодательные изменения о переходе системы ОМС на цифровой полис. Сейчас наибольшее число обращений граждан в страховую медицинскую организацию связано с электронными полисами и получением выписок о них из единого регистра. Если у гражданина на руках есть бумажный или пластиковый полис, то острой необходимости получать выписку об электронном полисе ОМС нет. Отказать в получении медпомощи при предъявлении любого полиса медицинская организация не может. Новые бумажные или пластиковые полисы больше не изготавливаются и не выдаются. Однако если какие-то сведения, указанные на полисе, изменились, то их актуализация в регистре застрахованных лиц нужна. Переход на электронный полис ОМС предпринят в интересах клиентов, ведь его можно хранить в смартфоне, сложнее потерять или повредить. Раньше поводом для посещения офиса были вопросы оформления полиса ОМС, получение дубликата или изменения персональных данных, желание поменять страховую компанию. С ведением цифрового полиса по-прежнему есть потребность получить документ страхования, теперь это выписка из регистра застрахованных.

**Магомедов И.С.**
**Главный специалист(эксперт)**
**по защите прав застрахованных**
**Шамильского филиала ТФОМС РД**


ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР
МухIамадова ПатIимат Шапиюлаевна
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГьитIинова ПатIимат Жамалудиновна

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
ТI. МухIамадов

ФОТОКОРРЕСПОНДЕНТ
МухIамад ХIамзатов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана "ЦIияб канлъи" ва "БагIараб цIва" абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул "ГУП РГЖТ" типографиялда;
Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД)
Регистр. номер
ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун.
Нижер электронияб почтаялъул адрес:
gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50